**दिन—रविवार** **दिनांक—22.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:35 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार आइ अपन एक सय चौदहम स्थापना दिवस मना रहल अछि। आजुक दिन उनैस सय बारह मे बंगाल सँ अलग बिहार के राज्यक दर्जा भेटल छल। एहि वर्ष बिहार दिवसक थीम— **उन्नत बिहार उज्ज्वल बिहार** अछि। अपन अमूल्य सांस्कृतिक धरोहर आओर ऐतिहासित विरासतक कारणे बिहारक पहचान एकटा एहन राज्यक रूप मे रहल अछि जे सदिखन सँ देश के नव बाट देखेलक अछि। बिहारक इतिहास कमोबेश मानव सभ्याताक इतिहास मानल जाइत अछि जे संपूर्ण दूनिया के लोकतंत्रक अवधारणा सँ परिचय करौलक अछि। बिहार दिवस पर पटनाक गांधी मैदान मे तीन दिवसीय मुख्य समारोक आयोजन कयल जा रहल अछि। एकर उद्घाटन मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सांझ पांच बजे कयलनि। ओतहि, राज्यपाल सैयद अता हसनैन चौबीस मार्च कँ समारोह के संबोधित करताह। समारोह मे देशक कतेको जानल—मानल कलाकार अपन प्रस्तुती देताह।

———————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू अपन संदेश मे कहलनि जे बिहार कतेको क्षेत्र मे अपन योगदान सँ भारत के समृद्ध कयलक अछि। ओ विश्वास व्यक्त कएलनि। जे राज्यक लोक अपन प्रतिभा आओर परिश्रम सँ देशक विकास मे महत्पूर्ण भूमिका निमाहलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहार दिवस पर बिहारवासी सभ कँ शुभाकमना देलनि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे लिखलनि जे बिहार शुरू सँ भारतीय विरासत के गौरव आओर अध्यामिकता प्रदान कयलक अछि। संगहि इहो कहलनि जे राज्य वर्तमान मे प्रगतिक नव अध्याय गढ़ि रहल अछि। पीएम मोदी विश्वास व्यक्त कयलनि जे बिहारक कर्मठ आओर ऊर्जावान लोक सभक समर्पण आ क्षमता विकसित—बिहारक संकल्प कँ विकसित भारतक संग साकार करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निमाहत।

———————————————————

एम्हर, राज्यपाल सैयद अता हसनैन आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी सभ कैं शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल उम्मीद कयलनि अछि जे बिहार पहिने सँ बेसी गौरवक संग नव भारतक विकास आओर प्रगति मे अपन भूमिका निमाहत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आशा व्यक्त कयलनि जे बिहार प्रगति आ समृद्धिक बाट पर निरंतर आगां बढ़ैत रहत। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे बिहार दिवस हमरा सभ के अपन राज्यक ऐतिहासित विरासत आओर गरिमामयी वर्तमान के मोन परबाक अवसर अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे ई गौरवपूर्ण दिवस हमरा सभ कैं बिहारक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत, ऐतिहासित परंपरा आओर महान विभूति सभक अमूल्य योगदान मोन पाडैत अछि। एम्हर विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायाण सिंह, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आओर कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार सहित कतेको गणमान्य लोक सेहो बिहार दिवस पर शुभकामना देलनि।

———————————————————————

मैथिलीक प्रसिद्ध साहित्यकार आ साहित्य अकादमी पुरस्कार विजेता डॉ. महेंद्र झा बिहार दिवस के अवसर पर शुभकामना दैत कहलनि जे बिहार मात्र भूमि नहि थिक, भूखंड नहि थिक ई इतिहास, संस्कृति, साहित्य आ समाजक चेतनाक धरोहर सेहो थिक। आइ हमसभ अपन धरोहर के स्मरण करैत अपन अतितक पूजा–अर्चना करैत छी।

———————————————————————

लोक आस्थाक महापर्व चैती छैठक चारि दिनक अनुष्ठान आइ सँ शुरू भऽ रहल अछि। पहिल दिन आइ नहाय–खाय के संग व्रती छैठक शुरूआत करतीह। काल्हि खड़ना कयल जायत। चौबीस मार्च कैं व्रती अस्ताचलगामी सूर्य के अर्घ्य अर्पित करतीह। पच्चीस मार्च कैं उदयीमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संग छैठक चारि दिनक अनुष्ठानक समापन भऽ जायत। एम्हर, छठि के लऽकऽ प्रशासन तैयारी शुरू कऽ देलक अछि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक कतेको भाग मे रूकि–रूकि कऽ बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच अररिया, कटिहार, किशनगंज, मधेपूरा, पूर्णियां, सहरसा आ सुपौल जिला मे आंधी–बरखा आ वज्रपातक आशंका अछि। आंधी–बरखा सँ राज्यक कतेको भाग मे अधिकतम तापमान मे तीन सँ पांच डिग्री सेल्सियस के कमि अयबाक संभावना अछि।

---

विद्युत विभाग मधुबनी के जयनगर विद्युत अवर प्रमंडल मे नव कार्यपालक अभियंता राहुल कुमार कँ पदस्थापित कयलक अछि। आय सँ अधिक संपत्ति मामिला मे निलंबित जयनगरक पूर्व कार्यपालक अभियंता मनोज कुमार रजक कँ मुजफ्फरपुर मुख्यालय मे सेवा देबाक आदेश जारी कयल गेल अछि।

---

समाप्त